

VIL NEW YORK
BIWO JESYON AK BIDJÈ
PWOGRAM SIBVANSYON COMMUNITY DEVELOPMENT BLOCK GRANT -
RETABLISMAN DE KATASTWÒF NATIRÈL
AVI PIBLIK POU DISPONIBLITE

POU TOUT REZIDAN KI ENTERESE YO, GWOUP, KOMISYON KOMINOTÈ, AK AJANS:

Nan jou Jedi 20 Avril 2023 a, Vil New York pral pibliye yon gwo amannman nan Plan Daksyon Community Development Block Grant-Disaster Recovery (CDBG-DR) li a pou Retablisman de Ouragan Ida a. Atravè amannman sa a, Vil la pral detaye plan li a pou \$122,844,000 anplis de finansman CDBG-DR yo bay atravè Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD).

Plan Daksyon Ida a diskite sou bezwen ak alokasyon ki lye ak lojman, retablisman ekonomik, enfrastrikti, rediksyon, ak planifikasyon ki pral ede pwoteje vil la de tanpèt alavni yo ak lòt efè nan chanjman klimatik yo. Selon kondisyon HUD yo, omwen 70 pousan nan finansman CDBG-DR dwe sèvi moun ki gen fèb revni ak moun ki gen revni modere yo, epi omwen 80 pousan finansman yo dwe sèvi Bronx, Brooklyn, Queens, ak Zile Staten.

Pou jwenn aksè nan plan an apati 20 Avril 2023 a, tanpri vizite: www.nyc.gov/site/cdbgdr/action-plan/actionplan-overview.page. Rezime Egzekitif yo pral disponib an Anglè, Espanyòl, Chinwa, Ris, Bengali, Ayisyen, Koreyan, Arab, Urdu, Fransè, ak Polonè. Materyèl sou entènèt yo pral aksesib tou pou moun ki gen andikap vizyèl yo. Y ap bay kopi Plan Daksyon an sou papye, ki gen ladan nan gwo fòm (18pt. karaktè) sou demann.

Gwo amann an fè sijè yon peryòd kòmantè piblik 30 jou, k ap kòmanse nan dat 21 Avril 2023 a. Yo dwe resevwa kòmantè yo pa pita pase Madi 23 Me 2023 a 11:59 P.M. (EST). Yo dwe soumèt kòmantè alekti yo bay CDBGComments@omb.nyc.gov oswa bay Biwo pou Jesyon ak Bidjè Majistra, Atansyon: Julie Freeman, Direktè Devlopman Kòmote, 255 Greenwich Street, 8th Floor, New York, New York 10007.

Nan peryòd kòmantè a, yo pral revize tout kòmantè yo, epi y ap entegre repons Vil la nan Plan daksyon an. Yo pral soumèt Plan Daksyon final Ida a, ki gen ladan yon rezime kòmantè yo ak repons Vil la, bay HUD epi yo pral afiche yo sou sit entènèt CDBG-DR Vil la.

Vil New York: Eric Adams, Majistra
Jacques Jiha, Ph.D., Direktè, Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a

Dat: 20 Avril 2023